

# Timoun lasi

Southern African Folktale

Wiehan de Jager

ACE Haiti-University of Notre Dame USA

2

krèyol ayisyen ht



Nan tan lontan te gen yon fanmi ki tap viv ak kè kontan.



Yo pa te janm goumen yonn ak lòt. Yo te ede paran yo nan kay la ak nan jaden an.



Men, yo pa te gen dwa ale twò pre dife.



Yo te fè tout travay sa yo nan lannwit paske yo te fèt ak lasi!



Men yonn nan ti gason yo te anvi wè limyè solèy la.



Yon jou anvi sa a te gwo anpil. Frè li avèti'l ...



Men, li te twò ta! Li fonn nan solèy cho a.



Timoun yo te si tèlman tris lè yo wè yo frè ap fonn.



Yo fè yon plan. Yo pran lasi, yo fonn lasi a enpi yo fè’l tounen yon zwazo.



Yo mennen frè zwazo yo sou tèt yon mòn wo.



Lè solèy la leve, zwazo an vole pandan l'ap chante nan limyè maten an.

# Global Storybooks

globalstorybooks.net

## Timoun lasi

Southern African Folktale

Wiehan de Jager

ACE Haiti-University of Notre Dame USA

CC BY